

Anplwaye sou kondisyon osnon anplwaye k ap travay nan zafè manje

# »» Akò pou Rapòtaj

Evite pou tout anplwaye ki enfekte pa simaye maladi sa yo nan manje: Nowoviris, *Salmonella* tifoyid, *Salmonella* ki pa bay tifoyid, *Shigella* spp., *enterohemorrhagic E. coli* (EHEC), *Shiga toxin*- ki bay *E. coli* (STEC), osnon viris epatit A.

Akò sa a di ke anplwaye sou kondisyon yo ak anplwaye k ap travay nan zafè manje dwe di moun ki responsab la lè yo gen nenpòt nan maladi sa a yo pou li kapab pran desizyon pou anpeche simaye maladi nan manje.

Anplwaye sou kondisyon yo se tout moun ke yo bay yon travay nan zafè manje sou kondisyon ke y ap reponn kèk kesyon oubyen y ap dakò fè egzamen medikal pou konnen si yo ka gen yon maladi ki ka simaye nan manje.

## Mwen dakò pou m fè moun ki responsab la konnen:

### 1. Nenpòt nan sentòm sa a yo nan travay oubyen lè w pa nan travay, ak dat sentòm yo te kòmanse:

- Dyare
- Vomisman
- Lajònis (po jòn oubyen zye blan)
- Gòj fè mal ak lafyèv
- Menm si li piti, blese ki enfekte, maleng, oubyen bouton ki gen pi (tankou klou) ki sou men w, ponyèt, ak lòt pati nan kò w ki pa byen panse.

### 2. Nenpòt dyagnostik medikal:

- Nowoviris
- Lafyèv tifoyid (Enfeksyon *Salmonella*)
- Salmonellosis (Enfeksyon *Salmonella* – Ki pa bay tifoyid)
- Shigellosis (Enfeksyon *Shigella* spp.)
- Enfeksyon *Escherichia Coli*
- Enfeksyon viris Epatit A

*Paj aprè a »»*



**3. Nenpòt ki jan ou ekspoze ak bakteri nan manje ki ka fè w malad:**

- Ekspoze nan oubyen ou sispèk ou ta lakòz nenpòt epidemi maladi ki konfime tankou nowoviris, lafyèv tifoyid, salmonellosis, shigellosis, enfeksyon *E. coli*, oubyen epatit A.
- Yon moun lakay ou ki dyagnostike ak youn nan maladi ki nan lis anlè a.
- Yon moun lakay ou ki ap patisipe oubyen travay nan yon anviwònman ki gen epidemi maladi ki konfime nan yon maladi ki nan lis anlè a.

Mwen te li, oubyen yo te eksplike m, epi mwen konprann ke anba kòd lwa Eta Rhode Island nan, ak akò sa a mwen dwe:

- Jan mwen te dakò a, rapòte sentòm espesifik, dyagnostik, epi si m te ekspoze ak yon maladi
- Obeyi a tout restriksyon oubyen eksklizyon travay lè yo bay yo
- Pratike bon ijyèn

Mwen konprann ke si mwen pa respekte akò sa a, mwen ka pèdi travay mwen, yo ka pousuiv mwen lajistis, oubyen tou de.

<b>Non anplwaye a</b> (tanpri, ekri l an lèt detache)	
<input type="checkbox"/>	
<b>Siyati anplwaye a</b>	<b>Dat</b>
<input type="checkbox"/>	
<b>Siyati moun ki gen pèmi an oubyen reprezantan an</b>	<b>Dat</b>
<input type="checkbox"/>	